



Èske ou te chwazi pou pa vaksinen pitit ou?

Ou gen responsablite pou kominote ou.

Depatman Sante Florida
(Florida Department of Health)
FloridaHealth.gov



NENPÒT KILÈ

- ou rele 911 pou pitit ou, → pitit ou monte nan yon anbilans,
- pitit ou ale nan ER (saldijans) lopital,
- pitit ou ale nan klinik yon pwofesyonèl swen sante oswa nan nenpòt klinik sante,



OU DWE fè pwofesyonèl swen sante yo konnen ki vaksen pitit ou pa t pran. Yon dosye ekri ta itil. Sa enpòtan paske:

- Dosye pitit ou kapab ede pwofesyonèl swen sante dekouvri yon maladi ki pa komen jodi a.
- Pitit ou kapab jwenn tretman pi vit.



- Maladi pitit ou ka enfekte lòt adilt, timoun ak tibebe—pwofesyonèl swen sante ou ka ba ou enstriksyon pou kenbe pitit ou lwen lòt timoun ki ka vin malad.



Si yon moun nan kominote ou gen yon maladi ki kapabsispann avèk yon vaksen...

- Li pètèt twò ta pou pitit ou jwenn avantaj nan efè pwoteksyon vaksen an—mande pwofesyonèl swen sante pitit ou.
- Ou ka gen obligasyon pou retire pitit ou nan lekòl, nan gadri oswa nan lòt espas piblik. Depatman sante lokal ou ak doktè ou ap fè ou konnen kilè li bon pou pitit ou retounen.
- Chak maladi diferan. Poutèt sa, aprann maladi a ak fason li simaye. Li ka pa posib pou evite pitit ou ekspoze ladan.
- Si pitit ou te ekspoze nan maladi a, rele pwofesyonèl swen sante pitit ou imedyatman epi mande li premye siy maladi a.



Si ou planifye pou mennen pitit ou nan yon lòt peyi...

- Maladi moun pa pran souvan nan Etazini—akòz itilizasyon vaksen an—komen nan lòt pati nan lemond.
- Chèche konnen ki maladi ki komen nan peyi kote ou ale epitou si gen vaksen pitit ou ka bezwen pran.
- Si pitit ou malad avèk yon maladi yon vaksen kapab sispann, li pa ta dwe vwayaje jouk lè yon pwofesyonèl swen sante detèmine maladi a pa kontajye.